



Chè Fanmi NPS,

Se yon onè ak privilèj pou mwen pou m sèvi kòm Sipèrentandan lekòl ou. Mwen gen anpil imilite paske Konsèy Administrasyon Edikasyon Norwalk to chwazi mwen pou dirije distri a. Se objektif mwen pou m fè yon bon kontribisyon Lekòl Piblik Norwalk yo, elèv li yo, manm pèsònèl li yo ak kominote a. Mwen kontan anpil pou w gen opòtinite ou travay ak yon kominote aprantisaj ki gen diferan kilti ak lang, youn ki anrichi avèk konesans ak eksperyans elèv yo ak fanmi yo ki mennen yo lekòl chak jou. Nan travay nou ansanm, nou pral devlope sou fondasyon reyisit Konsèy Administrasyon Edikasyon an, predesesè mwen, manm pèsònèl distri a, ak dirijan nan kominote a te deja etabli. L ap yon gran plezi pou mwen konnen kominote a an jeneral pi byen.

Mwen ta renmen pran opòtinite sa a pou di ou kèk ti bagay sou tèt mwen ak fanmi mwen. Mari mwen Geoffry ak mwen gen twa timoun. Pitit fi nou an ap kòmanse kolèj nan mwa septanm k ap vini an ak pitit gason jimo nou yo ap kòmanse lekòl nan Norwalk. Pitit mwen yo te montre mwen anpil bagay; eksperyans mwen kòm manman te fòme mwen kòm yon edikatè, moun k ap defann dwa lòt, ak dirijan.

Mwen reyalize m ap pran lidèchip Lekòl Piblik Norwalk nan yon moman ekstraòdinè nan listwa. Pandemi COVID-19 la te afekte eksperyans elèv yo ak fanmi yo nan zafè lekòl ansanm ak plizyè aspè nan lavi kotidyen nou. Nan semèn ki sot pase yo, nasyon nou an te tou kriye t ap mande lajistis pou lanmò George Floyd, Ahmaud Arbery ak Breonna Taylor. Menm jan ak enpak inegal COVID sou kominote moun nwa yo, lanmò sa yo gen yon gwo enpak sou tisi kominote nou an, epi yo fè pati diskriminasyon ak rasis sistematik ki te pèmèt moun sa yo mouri. Nou kanpe an solidarite ak fanmi Nwa ak lòt moun ki pa blan yo epi nou afime valè lavi yo. Nou kanpe pare pou koute, pou pale kont enjistis, pou mete men ak ou nan aksyon sivik, epi pou sipòte ou nan tout fòm travay gerizon ak restorasyon. Menm pandan moman aprantisaj distans sa a, nou dwe rete byen konekte. Pinga okenn manm nan kominote nou renmen sa a, sitou elèv nou yo, santi yo poukont yo.

Lè nou reflechi sou leson nou aprann nan tribilasyon sa yo, n ap avanse ansanm pou asire ane lekòl k ap vini an pi bon ane elèv yo, paran yo, ak manm pèsònèl la janm genyen. Chak pa nou fè pi devan pral konsantre sou aprantisaj ak amelyorasyon kontinye. Nou pral bay chak timoun pi bon edikasyon posib, epi n ap pran swen youn ak lòt, kòlèg nou yo ak fanmi nou yo pandan n ap fè fas a pwochen faz rekiperasyon COVID-19 la, epi antreprann travay kolektif nou pou kreye yon sosyete ki pi jis.

Ansanm, nou pral akselere siksè elèv yo, asire ekite ak ekselans pou tout moun, epi angaje tout kominote a nan siksè elèv Lekòl Piblik Norwalk yo.

L ap yon gran plezi pou mwen mete yon tan pou nou kwaze pou pale sou kijan nou ka kolabore pou amelyore tout distri a nèt.

Mèsi.

Ansanm ansanm,

Dr. Alexandra Estrella